



Gid pou Mezire Pwent Tete




Kit gwosè plak oswa brid ponp tete w bon oswa non afekte konfò tete w ak pwodiksyon lèt ou anpil. Si w vle asire pi plis kantite lèt ak konfò pandan ak apre w ap ponpe a, mezire pwent tete w yo kòrèkteman kritik anpil. Si w pa konnen kijan pou fè li, nou gen de (2) opsyon ki pral ede w.

Pati I: Ajisteman Kòrèk




Pran gwochè pwent et
your nipple size in the
unit of mm, from top
o base.




Twò Piti

Pwent tete a fwote ak
brid la



Chita Kòrèk

Pwent tete a sere
andedan tinèl brid la



Twò Gwo

Brid la rale pwent tete a
ansanm ak areyol la

Pati 2: De Fason pou Mezire Gwosè Pwent Tete W

Opsyon premye metòd la:

Sèvi ak règ pwent tete a oubyen yon règ nòmal pou mezire li:

Etap 1.


Stimile pwente tete w pou fè li kanpe rèd.

Etap 2.

Kenbe règ la nan yon ang vètikal epi mezire soti nan baz la rive jis anwo pwent tete w.

Etap 3.

Gade tablo a sou dènye paj la pou sigjesyon pou gwosè brise oswa ensè brid la.



Opsyon dezyèm metòd la:

Itilize règ pwent tete a avèk twou pou mezire li:

Etap 1.


Stimile pwente tete w pou fè li kanpe rèd.

Etap 2.

Mete pwent tete w andedan twou yo youn pa youn pou wè kiyès pwent tete w chita byen ladan li, nan yon fason konsa w ap ka mete pwent tete w andedan twou a nèt, epi tou règ la ka touche areyol la nan menm tan an.

Etap 3.

Gade tablo a sou dènye paj la pou sigjesyon pou gwosè brise oswa ensè brid la.



Konsèy

1. Pwent tete gòch ou ak dwat ou ka petèt gwochè diferan, donk asire ou mezire yo toulede pou jwenn gwochè egzakt la pou chak.
2. Lè ou kòmanse ap ponpe, gwochè pwent tete w kapab chanje. Donk yo rekòmande ou chwazi gwochè brid la ki 1-3 mm pi gwo pase gwochè pwent tete w, oubyen ou ka mezire gwochè egzakt la lè w fin ponpe.

Bezwen plis èd?

1. Mete w alèz pou kontakte The Milk Bank pou sipò ak oryantasyon gratis, rele 317-536-1670 oubyen apèl gratis nan 877-829-7470.
2. Patnè ponp tete nou an, Ardo Medical, konn bay bon sipò tou. Ou ka kontakte yo, ale sou www.ardo-usa.com oubyen rele yo gratis nan 844-411-ARDO (2736).

Mezi Dyamèt Pwent Tete	Gwosè Brid oswa Ensè Brid Rekòmande
9-11mm	13mm
11-13mm	15mm
13-15mm	17mm
15-17mm	19mm
17-19mm	21mm
21-23mm	24mm
23-25mm	26mm *Gwosè ponp Ardo san ensè

Avan w mezire, stimile pwent tete w konsa w ap asire ou pran bon gwosè konplè li a.